



# MARTY KIAR

## EVALYATÈ PWOPRIYETE KONTE BROWARD

### Pwolongasyon Delè pou Itilize Transferabilite

Transferabilite pèmèt pwopriyetè ki benefisye Homestead peye mwens lajan pou taks pwopriyete sou nouvo kay yo, lè yo transfere ekonomi “Ann Sove Kay Nou” (Save Our Homes) (jiska \$500,000) soti nan yon pwopriyete nan Florida janbe sou yon lòt pwopriyete Florida lè li etabli Egzanpsyon Homestead la sou nouvo pwopriyete a. An kòmansan avèk pwopriyete kay yo ki etabli yon nouvo Egzanpsyon Homestead pou ane fiskal 2021 an, aplikan yo gendwa transfere kounye an ekonomi transferabilite soti nan yon Egzanpsyon Homestead yo te ba yo pandan kèlkeswa nan trwa ane fiskal presedan ki sit pase yo. Pou kapab kalifye pou deplase avantaj SOH sa a, nouvo pwopriyete a dwe resevwa Egzanpsyon Homestead nan twa (3) ane fiskal oplita – se pa lane sivil – apre “abandon” Egzanpsyon Homestead an nan pwopwriyete anvan an.

Sonje: Egzanpsyon ak Transferabilite Homestead pa transfere otomatikman. Ou dwe aplike pou Egzanpsyon Homestead sou nouvo pwopriyete a epi soumèt yon Aplikasyon Transferabilite. Transferabilite pa siyifi ou dwe vann kay anvan ou an, men sèlman pou sispann resevwa Egzanpsyon Homestead sou li.

W ap jwenn enfòmasyon adisyonèl osijè Transferabilite sou wèbsayt nou an nan [web.bcpa.net](http://web.bcpa.net).

### Renouvèlman Egzanpsyon Senyò Anyèl

Si w te resevwa Egzanpsyon Senyò la an 2020, w ap resevwa Kat Renouvèlman Egzanpsyon Senyò sa a nan kourye lapòs la pandan mwa sa a. Lalwa Florida egzije pou w renouvle egzanpsyon sa a chak ane, pase se yon egzanpsyon ki baze sou revni. Pou resevwa egzanpsyon ki gen anpil valè sa a pou 2021, ou dwe siyen epi voye tounen avi renouvèlman kat postal jonn lan nan biwo nou an nan dat 20 septanm 2021 oplita. Ou kapab voye kopi siyen kat renouvèlman ou an nan yon imèl nan [Homestead@bcpa.net](mailto:Homestead@bcpa.net), fakse li nan 954-357-6188 oubyen voye li nan kourye lapòs. Epitou ou kapab renouvle Egzanpsyon Senyòou anliy nan [web.bcpa.net/renew](http://web.bcpa.net/renew).

Si w pa t resevwa Egzanpsyon Senyò an pou 2020 epi ou kwè ou ka elijib, vizite wèbsayt nou [web.bcpa.net](http://web.bcpa.net) epi klike sou ikòn “Egzanpsyon Senyò” a pou gade egzanpsyon a ak tout lòt egzanpsyon ki disponib pou aplikan ki kalifye. Ou kapab aplike anliy tou nan <https://web.bcpa.net/bcpaclient/#/SeniorsAppForm> Dat limit pou aplike pou nenpòt nan egzanpsyon 2021 yo se 20 septanm 2021.

### Vizit Vityèl yo

Si ou pito kominikasyon fas-a-fas, ou kapab kontre avèk manm ekip nou an vityèlman. Pou fè yon randevou, tanpri rele nan 954-357-5579 oswa voye yon imèl nan [ExemptionExpress@bcpa.net](mailto:ExemptionExpress@bcpa.net).

Si biwo mwen kapab ofri w èd pou nenpòt bagay, tanpri rele nou nan 954-357-6830 oswa imèl mwen dirèkteman nan [martykiar@bcpa.net](mailto:martykiar@bcpa.net)

Ak tout kè mwen,

Marty Kiar, CFA  
Evalyatè Pwopriyete Konte Broward



MartyKiarBCPA  
[@MartyKiarBCPA](https://twitter.com/MartyKiarBCPA)